

# Chapit 14: Difikilte akonpayatè yo rankontre

## Esplikasyon

Travay Akonpayatè yo se yon travay solidarite — se pou ede moun k ap souffri toutbon. Pou kanpe an solidarite ak moun k ap souffri, sa vle di w ap koute yo w ap ba yo sipò moral, epi ou konprann sa sa vle di lè yon moun malad epi ou konprann difikilte moun genyen pou yo viv an sante.

Akonpayatè yo dwe make sa pasyan yo bezwen, yo dwe defann kòz pasyan yo yo dwe ede pasyan yo aprann defann kòz pa yo tou. Moun ki gen VIH/SIDA, TB, al lòt maladi kwonik pa souffri sèlman de maladi yo a – anpil fwa yo souffri anpil anba mizè, depresyon, yo manke sipò, epi yo kab menm chagren paske yo pèdi moun yo te renmen. Poutèt sa, sitiyasyon lakay yo gen dwa tris anpil epi yo kaba ap viv ak apil touman. Pou fè travay sa a, sa ede anpil pou konnen reyalyite lavi pasyan yo. Se sa ki fè sa enpòtan pou akonpayatè yo rete, nan zòn kote y ap travay la.

Travay akonpayatè a gen dwa gen rekonpans, paske relasyon li ak pasyan yo ka pote anpil amelyorasyon nan lavi moun yo, men li ka genyen anpil tansyon ak tèt chaje tou. Lè akonpayatè yo devlope yon relasyon konfyans ak yon moun, yo pral tandè anpil pwoblèm fanmi an, ki konn pi grav pase pwoblèm sante moun nan. Pou akonpayatè yo evite lespri yo vin twò fatige, y ap bezwen gwo rezo sipò kolèg yo, konpetans pou yo rezoud pwoblèm, ak kapasite pou fè fas a sitiyasyon yo. Chapit sa a entwodwi kèk nan difikilte yo rankontre pandan l ap ankouraje yo rekonèt pwòp fòs pa yo, ak sipò youn ka bay lòt.

## Objektif








**Lè patisipan yo rive nan fen chapit sa a, men sa y ap kapab fè:**

- a** Bay lis 5 bagay li gen an komen ak lòt akonpayatè yo.
- b** Dekri sans solidarite ant akonpayatè ak pasyan.
- c** Ranfòse epi ankouraje kominikasyon ak kapasite pou rezoud pwoblèm akonpayatè gen antre yo.
- d** Bay non, diskite epi idantifye pwoblèm tout akonpayatè yo genyen lè y ap debat ak koze konfidansyèl, relasyon ant akonpayatè/pasyan, swen pasyan, stigma, ak diskriminasyon.
- e** Konnen ki lè pou yo mande èd, ki lès pou yo mande, nan ki pwèn pou yo mande èd, epi ki kalite èd yo bezwen.

## Tan nesèsè

2 èdtan, 40 minit

## Apèsi sou chapit la

Aktivite	Kontni	Metòd	Tan	Materyèl n ap bezwen
<b>1</b>	Patisipan yo aprann sa yo gen an komen epi yo kreye yon sistèm sipò.	 Aktivite an gwoup laj  Diskisyon an gwoup laj	 30 minit	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Lis karakteristik yo (aprè aktivite sa a)</li> <li>• Bwat imaj la oubyen prezantasyon odinatè</li> <li>• Pwojektè (si n ap sèvi ok odinatè)</li> </ul>
<b>2</b>	Patisipan yo reponn kesyon epi yo rezoud pwoblèm ki komen.	 Diskisyon an panèl	 Inèdtan	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Senaryo (aprè aktivite sa a)</li> <li>• Bagay ki ka sèvi kòm si se mikwofòn (make, baton)</li> <li>• Telefòn pòtab (pa obligatwa)</li> <li>• Mizik (pa obligatwa)</li> </ul>
<b>3</b>	Patisipan yo diskite pwoblèm yo prezante pandan diskisyon an panèl la.	 Diskisyon an ti gwoup	 1 èdtan, 10 minit	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Papye tablo</li> <li>• Makè oubyen</li> <li>• Bwat imaj la oubyen prezantasyon odinatè</li> <li>• Pwojektè (si n ap sèvi ok odinatè)</li> </ul>

### Pwen enpòtan

- Akonpayatè yo rankontre anpil difikilte, men yo pa responsab pou yo rezoud tout difikilte sa yo pou kont yo menm.
- Gen moun enpòtan ak resous pou ede akonpayatè yo tankou doktè, enfimyè, travayè sosyal, sikològ, ak lòt akonpayatè.
- Akonpayatè yo fè pati sistèm sipò ak lòt akonpayatè epi youn dwe aji kòm resous pou lòt.

## Aktivite 1

### Ki sa nou genyen an komen



Aktivite an gwoup Laj



Diskisyon an gwoup laj



### Tan

30 minit



### Objektif nou gen tan atenn

- a Bay lis 5 bagay li gen an komen ak lòt akonpayatè yo.
- b Dekri sans solidarite ant akonpayatè ak pasyan.



### Preparasyon

- Prepare yon lis 10 a 20 karakteristik majorite patisipan yo pral genyen an komen, ak yon lis kèk karakteristik sèlman yon ti gwoup patisipan pral genyen an komen. Sèvi ak lis ki aprè aktivite sa a pou jwenn kèk lide.
- Ranje sal la pou ka espas pou moun mache ladan li.




### Materyèl n ap bezwen

- Bwat imaj la oubyen prezantasyon odinatè
- Pwojektè (si n ap sèvi ok odinatè)
- Lis karakteristik (aprè aktivite sa a)



### Etap ou dwe suiv

1



### Difikilte akonpayatè yo rankontre

Esplike chapit sa a pral diskite difikilte akonpayatè pi fasil rankontre e ki jan yo ka travay pou rezoud yon an yon an yon rezo lòt akonpayatè yo ak anplwaye klinik la.



## Yon ti konsèy

Egzèsis sa depann anpil de animatè a pou konplete enfomasyon yo. Suiv gwoup la epi ba yo lòt enfomasyon lè panel espè yo pa ka reponn oubyen lè repons yo manke kèk ransèyman.

**2** Mande tout patisipan yo kanpe nan fon sal la.



5 min

**3** Esplike ou pral bay yon karakteristik oubyen yon fraz tankou, “mwen renmen manje diri”. Moun ki panse karakteristik sa a vre pou yo, dwe avanse devan nan sal la. Si karakteristik sa a pa vre pou yo, yo dwe rete kote yo ye a.

**4** Li premye karakteristik la. Bay patisipan yo tan pou yo avanse.

**5** Lè ou fin li premye karakteristik la pou tout moun tandè, di patisipan yo pou yo gade nan sal la epi gade ki kote lòt moun yo kanpe. Di patisipan yo nan fen sesyon an, youn pral aprann anpil de lòt.



15 min

**6** Li dezyèm karakteristik la. Fwa sa a, si li vre, yo dwe vin kanpe devan sal la. Si li pa vre, yo dwe ale dèyè. Pèmèt moun yo deplase, epi di yo pou yo gade nan sal la epi gade ki moun ki gen karakteristik sa a, oubyen ki pa gen menm karakteristik ak yo. Ankouraje ti pale ak ti kòmantè apa. Kontinye ak lòt karakteristik yo.

**7** Mande patisipan yo retounen nan chèz yo aprè nou fin li tout karakteristik yo.



10 min

**8** Raple moun nan sal la yo gen anpil bagay an komen. Mande patisipan yo:

» *Ki sa nou te obsève pandan aktivite sa a?*

» *Èske gen kèk bagay ki te etone ou? Èske gen lòt bagay nou aprann de kolèg patisipan yo?*

» *Ki sa nou ka panse de bagay nou genyen an komen yo?*

**9** Esplike ou espere aktivite sa a ede yo konnen epi konprann youn lòt. Lè w konnen sa nou genyen an komen, nou kòmanse konprann ki jan nou ka travay ansanm ak kouman pou youn ede lòt. Kòm akonpayatè k ap fè menm travay epi ki genyen menm objektif, yo pral travay ansanm epi pral ede lòt.

**10** Akonpayatè yo pral travay ak pasyan yo epi ede yo, sa enpòtan pou akonpayatè yo panse tou a sa yo genyen an komen ak pasyan yo.

- 11** Mande patisipan yo sa yo genyen an komen ak pasyan yo. Pran komantè yo epi ekri yo sou yon papyè tablo. (Paregzanp: yo soti nan menm peyi, nan menm rejyon, VIH gen konsekans sou yo tout).
- 12** Mande patisipan yo pou yo panse a premye diskisyon nou te genyen sou solidarite. Ki sa sa vle di pou ou an solidarite ak lòt akonpayatè epi pou akonpayatè yo an solidarite ak pasyan yo? Ekri kòmantè yo sou yon papyè tablo. Ajoute pawòl sa yo: lè w an solidarite ak pasyan yo sa vle di ou kab koute yo, ou ba yo sipò moral, ou pran angajman pou w defann kòz moun ki malad ak sa ki bezwen èd, epi ou sa sa vle di lè yon moun malad epi ou konprann difikilte moun genyen pou yo viv an sante.

## Chapit 14, Aktivite 1: Echantiyon lis abitud ak lòt bagay moun nan fòmasyon an ka genyen

Ou ka bezwen chanje lis sa a pou fè li koresponn ak reyalitye moun k ap patisipe nan fòmasyon an.

- Renmen manje diri ak pwa
- Genyen plis pase 4 timoun
- Konnen yon moun ki gen VIH
- Dlo frèt sèlman mwen bwè
- Renmen pale epi pase tan ak zanmi
- Te genyen malarya
- Ale legliz le Dimanch
- Travay ak Zanmi Lasante
- Te vwayaje nan yon lòt peyi
- Kwè tout moun dwe jwenn swen sante
- Konnen yon moun ki mouri ak SIDA
- Te mache plis pase 3 km pou ale nan yon klinik sante
- Vle travay pou amelyore sante kominote a
- Renmen koute mizik

## Aktivite 2

### Idantifye e fè fas a difikilte yo



Diskisyon an panèl



### Tan

Inèdtan



### Objektif nou gen tan atenn

- b** Ranfòse bon jan kominikasyon efikas e kapasite rezoud pwoblèm kay akonpayatè yo.
- c** Nonmen, diskite, e idantifye pwoblèm komen akonpayatè rankontre lè y ap debat ak konfidansyalite, relasyon ant pasyan/Akonpayatè a, swen pasyan, stigma, ak diskriminasyon.
- d** Konnen ki lè pou yo mande èd, ki lès pou yo mande, ki pi bonè pou chèche èd e ki kalite èd pou mande.



### Preparasyon

- Idantifye akonpayatè ki gen esperyans yo (nan gwoup la oubyen nan moun ki an deyò gwoup la si sa nesèsè) pou sèvi nan panèl espè yo.
- Kopye 5 senaryo difikilte ki vini jis aprè aktivite sa a nan 5 fèy papyè pou ka pataje yo ak 5 patisipan.
- Ranje sal la pou akonpayatè ki gen esperyans ka chita an fas patisipan yo.



### Materyèl n ap bezwen

- Senaryo (aprè aktivite sa a)
- Telefòn pòtab pou patisipan yo pou yo “rele” yo pwogram “radio”
- (sèvi ak yon lòt ranplasman si pa genyen telefòn pòtab)
- Makè oubyen plim fet oubyen plim pou sèvi kòm ranplasman pou gwoup k ap fè prezantasyon an
- Mete mizik jwe nan kòmansman pwogram radyo a epi nan mitan kesyon yo



### Etap ou dwe suiv

- 1** Esplike nan aktivite sa a gwoup la pral jwe wòl yon pwogram radyo yo rele Rezo Akonpayatè a. Pwogram sa a pral pale de pwoblèm akonpayatè rankontre.

## Chapit 14: Difikilte akonpayatè yo rankontre

**2** Mande akonpayatè ou te idantifye ki gen esperyans yo pou yo vin chita devan sal la.

**3** Di akonpayatè yo fè pati yon panel ekspè yo envite nan yon pwogram radyo. Se yon pwogram espesyal pou akonpayatè sou afè santé yo rele “Difikilte akonpayatè yo rankontre”. Lòt akonpayatè pral rele radyo a pou mande espè yo konsèy sou pwoblèm y ap rankontre.



5 min

**4** Di panèl espè yo reponn kesyon yo jan yo kapab. Yo ka reponn chak moun oubyen yo ka diskite antre yo epi bay yon repons an gwoup. Si yo pa ka reponn, konplete repons yo te bay déjà yo oubyen ouvè liy la ankò pou oditè yo.

**5** Bay 5 patisipan fich ki gen lis difikilte yo (yo te kopye yo nan lis ki vini jis aprè aktivite sa a). Di gwoup la sa yo se 5 oditè ki pral rele pou pataje pwoblèm yo. Lè yo vle rele, yo dwe leve men yo. Yon moun va pase yo telefòn nan (oubyen sa k ap sèvi kòm telefòn nan), pou yo ka poze kesyon yo a.



40 min

**6** Enfòmè patisipan ki pa genyen fich yo yo ka leve men yo tou pou rele pwogram radio a. Yo ka poze kesyon oubyen bay opinyon yo.

**7** Aprè chak kesyon yon oditè poze, jwe mizik pandan 10 segonn.



5 min

**8** Lè yo fin poze tout kesyon yo remèsye akonpayatè ki gen esperyans yo ak tout moun ki te rele yo. Esplike byen pwogram radyo a se te yon demonstrasyon, tout akonpayatè yo patisipe pou fè yon rezo sipò tout bon ak lòt akonpayatè yo. Nenpòt difikilte yo rankontre, ka gen yon lòt akonpayatè tankou yo ki kab rezoud yo. Esplike se te yon bèl bagay pou te wè yon gwoup moun konpetan kon sa kote youn ap ede lòt, epi kote pesonn pa t pè mande kout men.

**9** Fini pwogram radyo a ak mizik.

## Chapit 14, Aktivite 2: Senaryo: Difikilte akonpayatè yo rankontre

Chwazi 5 senaryo ki pi koresponn a gwoup akonpayatè ou a. Ou ka vle kreye pwòp senaryo pa ou tou, si senaryo sa yo pa koresponn a reyalyte peyi ou oubyen zòn ou.

- Vwazen pasyan ou mande pou ki sa ou vin wè li chak jou.
- Pasyan w lan bwè anpil alkòl chak jou.
- Lè ou rive kay pasyan w lan pou ba li medikaman an, li pa la.
- Fanmi ou mouri epi ou dwe kite vil la demen pou ale nan antèman an byen lwen.
- Ou wè moun nan zòn ou ki refize pote yon pasyan nan klinik la paske li gen VIH.
- Pasyan w lan ap batay tout tan ak madanm li ki gen VIH, paske li pa vle fè bagay avèk li.
- Mari pasyan w lan vin kote ou pandan ou pou kont ou. Li mande w ki medikaman w ap bay madanm li, epi pou ki sa ou pral wè li chak jou.
- Pasyan w lan pa vle ale nan randevou li yo aprè 10 mwa paske li pa resevwa manje ankò, e li pa wè rezon pou li pran tan li fos li ak enèji li pou li ale nan klinik la.
- W al wè yon pasyan pou pote medikaman an ba li. Pasyan an refize pran medikaman an.
- W al wè yon pasyan pou pote medikaman li ba li. Pasyan an di ou l ap vwayaje pandan 3 jou e li pap la pou li pran medikaman li.
- Ou santi ou gen damou pou yon pasyan.
- Pasyan w lan di ou ou ka kite medikaman an lakay li epi ou pa bezwen vin wè li, si w ap ba li yon ti moso nan lajan ou touche a. Kon sa, w ap toujou touche, san ou pa fè menm kantite travay la.
- Ou dekouvri yon pasyan ap vann sache manje li resevwa lopital la olye li manje li.
- Pasyan w lan mande ou yon pati nan ti kòb w ap touche a. L ap plenyen w ap viv epi w ap manje sou do maladi l la paske si li pa t malad ou pa tap gen travay.
- Ou wè yon lòt akonpayatè a k ap mande yon pasyan lajan paske li pote medikaman ba li chak jou.
- Madanm pasyan w lan di ou mari li ap kouche ak lòt fi san li pa sèvi ak kapòt. Mari a refize sèvi ak kapòt tou lè l ap fè bagay avèk li.

## Aktivite 3

### Kòmantè sou pwogram radyo a



Diskisyon an ti gwoup



#### Tan

Inèdtan, 10 minit



#### Objektif nou gen tan atenn

- d** Bay non, diskite epi idantifye pwoblèm tout akonpayatè yo genyen lè y ap debat ak koze konfidansyèl, relasyon ant akonpayatè/pasyan, swen pasyan, stigma, ak diskriminasyon.
- e** Konnen ki lè pou yo mande èd, ki lès pou yo mande, nan ki pwèn pou yo mande èd, epi ki kalite èd yo bezwen.



#### Preparasyon

- Ekri 3 kesyon nan Etap 2 yo sou yon papye tablo epi kole yo sou mi a.



#### Materyèl n ap bezwen

- Papye tablo
- Makè (plim fet)
- Tape
- Bwat imaj la oubyen prezantasyon sou odinatè
- Pwojektè (si n ap sèvi ak odinatè)



#### Etap ou dwe suiv



5 min

- 1** Divize patisipan yo an 3 gwoup epi mande yo pou konte pa twa. Premye patisipan an ap “1”, dezyèm nan ap “2”, twazyèm nan ap “3”, eksetera. Tout “1” yo ap Gwoup 1, tout “2” yo ap Gwoup 2, tout “3” yo ap Gwoup 3. Mande patisipan yo pou yo ale nan chak gwoup yo (1,2,3).



15 min

- 2** Bay chak patisipan kesyon pa yo. Pase nan chak gwoup pou asire ou yo nan bon direksyon.

» *Kesyon pou gwoup 1: Èske ou santi ou nan yon rezo sipò? Ki lès ki rezo sipò ou? Èske ou santi ou alèz pou mande moun sa yo èd ak konsèy? Ki jan youn ka ede*

*lèt? Esplike patisipan yo yon rezo se yon gwoup moun kote youn ede lòt rezoud pwoblèm yo gen an komen.*

» *Kesyon pou gwoup 2: Gen delè gen pwoblèm ant pasyan yo e akonpayatè yo. Ki sa ki konn souvan lakoz pwoblèm ant pasyan yo ak akonpayatè yo? Ki jan nou ka amelyore relasyon ant pasyan ak akonpayatè?*

» *Kesyon pou gwoup 3: Èske genyen lòt difikilte nou rankontre (oubyen nou ka rankontre a lavni) yo pa t montre nou oubyen lòt difikilte nou pa t diskite nan pwogram radyo a? Ki difikilte yo ye, epi ki solisyon ki posib pou yo?*



10 min  
pa  
gwoup

**3** Mande chak gwoup pou yo prezante lide yo te diskite yo bay tout gwoup la, epi ekri pwen prensipal yo sou papye tablo a.



5 min  
pa  
gwoup

**4** Aprè chak prezantasyon, asepte kesyon ak kòmantè tout gwoup la.

**5** Rezime pwen prensipal ki te soti nan diskisyon an:

» *(Asire ou ou pale de: enpòtans kreye epi kenbe yon rezo sipò ki fò nan mitan akonpayatè yo e ak anplwaye klinik la; enpòtans bon kominikasyon ant akonpayatè yo ak pasyan yo, kapasite pou akonpayatè yo travay ansanm, pou yo rezoud pwoblèm, pou yo fè lòt akonpayatè ak anplwaye klinik la konfyans.)*



5 min

**6**

**Pwen enpòtan Chapit 14 la:**  
Difikilte akonpayatè yo rankontre

- Akonpayatè yo pral rankontre anpil difikilte, men yo pa oblije rezoud tout difikilte sa yo pou kont yo.
- Gen moun ak resous pou ede akonpayatè yo, tankou enfimyè, doktè, travayè sosyal, sikològ ak lòt akonpayatè.
- Tout akonpayatè la pou youn ede lòt, epi chak dwe mete tèt li a dispozisyon yon lòt.

Zanmi Lasante

### Pwen enpòtan Chapit 14: Difikilte akonpayatè rankontre

Revize pwen enpòtan nan chapit sa a.

**7** Akonpayatè yo rankontre anpil difikilte, men yo pa responsab rezoud tout difikilte sa yo pou kont yo.

**8** Gen moun ak resous enpòtan ki la pou ede akonpayatè yo tankou enfimyè, doktè, travayè sosyal, sikològ ak lòt akonpayatè.

**9** Akonpayatè yo rantre nan mitan yon sistèm sipò ak lòt akonpayatè, epi youn dwe aji kòm resous pou lòt.

## Lis bagay akonpayatè a dwe sonje fè

- Idantifye moun enpòtan ak resous ki ka ede ou rezoud pwoblèm.
- Lè ou santi ou about, chèche sipò lòt akonpayatè yo ak sipò anplwaye klinik la